ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№63 (23.221) • 2016 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 6, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIУЭКIУЭ Юрий: «Урысейм Лъэпкъ гвардие къыщыззгъэпэщыныр иджыпсту къэув къалэнхэр зэфIэхыным хуэгъэпсащ»

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. Урысейм Лъэпкъ гвардие къыщыззгъэпэщыным щытепсэлъыхьым къыхиГъэщащ:

«Урысейм и Президентым УФ-м и МВД-м и къэрал кIуэцI дзэхэр и лъабжьэу гъэзэщIакIуэ властым и къудамэщIэ - ОМОН-м, СОБР-м, нэгъэщI подразделенэ хэхахэм я къалэнхэри зи пщэ дэлъыну Лъэпкъ гвардие - къызэгъэпэщыным теухуауэ ищIа унафэр, шэч хэмылъу, икъукIэ зи чэзыщ икIи Iэмал имылъэ дызыхуейщ.

Иджыпсту щыIэ хъуа щытыкIэр, дунейм къыщекIуэкIэхэмрэ къэхъу мыхъумыщIагъэхэмрэ къэплъытэмэ, террорист, экстремист шынагъуэр гъэкIуэдыным, зэщIэгъэуIуа гупхэм ялэжь щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуным, а псом япэщIэтыным къалэну къагъэув къарурэ Iэмалу щыIэр зэщIэгъэуIуэн хуейуэ.

Лъэпкъ гвардиер щытынущ хэкум и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэгъэпса къэрал системэм и къудамэ нэхъыщхьэу. ФСКН-мрэ ФМС-мрэ МВД-м зэрыхагъэхьэжам Iэмал къитынущ оперативнэ лэжьыгъэм и фIагъыр къэIэтыныжмкIэ, Iуэхущ1апIэ зэмылIуэжьыгъуэхэр зэдзэуэ я къалэн ягъэзэщIэныжмкIэ, щIэпхъаджагъэ хьэлъэ, хьэлъэ дыдэ зылэжьхьэм ящэщIэтыныжмкIэ».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Урысейм Къэрал Думэр къыззэрыщызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэси 110-рэ ирокъу

Япэрей илъэс 12-р

Илъэси 110-рэ и пэкIэ, Таврическэ уардэунэм щекIуэкIащ Урысей империем и япэ Къэрал Думэм хагъэхьахэм я зэIущIэ. 1906 гъэм къызэрагъэпэща Къэрал Думэр илъэс 12-м нэблагъэкIэ лэжьащ.

КЪЭРАЛ Думэр хахьрт илъэситху пIалъэкIэ. Ар ихуа нэужь пащтыхьым зэбгригъэкIыжырти, хэхныгъэщIэхэм зыхуагъэхьэзырырт. (А хабзэр Николай ЕтIуанэм къыщигъэсэбэпащ Къэрал Думэм и япэ, етIуанэ хэхыгъуэхэм).

Дэтхэнэ унафэри Къэрал Думэм къыщащтэрт еджагъуищу. Законопроектым къару игъуэтырт Къэрал советыр арэзы техъуэу, пащтыхьым Iэ щIидза нэужь. Проектыр къабгъэдэкIыну щытын хуейт депутат 30-м е нэхъыбэм. Думэм иIэт зэпымыуэу лажьэ комиссэхэр. Ахэр кIэлъыплъырт къэрал хэхъуэм, дзэ Iуэхуэм, зыхъумэжыным хуэм, нэгъуэщIхэми. Щыiэт пIалъэкIэ лажьэ комиссэхэри. Абыхэм законопроект щхьэхуэхэр пщэрылъ щащIырт.

Къэрал Думэм къыхагъэкIыжырт дзэ, граждан къулыкIым пэрыувахэр, илъэсым къриубыдэу Думэм и зы зэхуэсыгъуи зэмытахэр. Хэхыныгъэхэм хэттэкъым бзылъхугъэхэр, илъэс 25-рэ иримыкъуахэр, зауэлIхэр.

1906 гъэм хаха ящэ Думэм хагъэхьат депутат 448-рэ: кIэдеиту 153-рэ, автономисту 63-рэ, октябристу 3, лэжьакIуэу 97-рэ, партым хэмыту 105-рэ, нэгъуэщIу 7. Къэрал Думэм и япэ зэIущIэр 1906 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м Санкт-Петербург и Таврическэ уардэунэм щекIуэкIащ Николай ЕтIуанэр щIэсу. Думэ къэунэхуагъащIэм и унафэщIу хахат кIэдет Муромцев С. А. Япэ Думэр лэжьащ махуэ 72-кIэ.

ЕтIуанэ Къэрал Думэр 1907 гъэм и пэщIдзэм хахри, япэ сессиер къызэIуахащ 1907 гъэм мазаем и 20-м. Абы щыIэхэуэсат депутат 518-рэ: социал-демократу 65-рэ, эсеру 37-рэ, цIыхубз социалисту 16, лэжьакIуэу 104-рэ, кIэдеиту 98-рэ, октябристу 54-рэ, автономисту 76-рэ, къэзакъэм ящыщу 17, демократ реформэхэм я партым и депутату 1. УнафэщIу трагъэуват кIэдет Головин Ф., А. Аргуэруи Iуэхугъуэ нэхъыщхьэр щIым епхат. Думэр махуи 102-кIэ зэхэтауэ иращ. 1907 гъэм мэкъуаугъуэм и 1-м Столыпиным депутат 55-рэ игъэкъуэншащ пащтыхь унагъуэм Iуэху мыхъумыщIэхэр кIэлъыдзэрахьэу, абы епщIыжащ. Мэкъуаугъуэм и 3-м Думэр зэбграгъэкIыжащ Николай ЕтIуанэм и унафэкIэ.

Абы и ужькIэ «Думэм и хэхныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIыну щыкIэр» законыщIэр къыдэкIащ, абы иткIи ещанэу ар зэхащащ. Япэ сессием хэтащ депутат щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуным, а псом япэщIэтыным къалэну къагъэув къарурэ Iэмалу щыIэр зэщIэгъэуIуэн хуейуэ.

Лъэпкъ гвардиер щытынущ хэкум и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэгъэпса къэрал системэм и къудамэ нэхъыщхьэу. ФСКН-мрэ ФМС-мрэ МВД-м зэрыхагъэхьэжам Iэмал къитынущ оперативнэ лэжьыгъэм и фIагъыр къэIэтыныжмкIэ, Iуэхущ1апIэ зэмылIуэжьыгъуэхэр зэдзэуэ я къалэн ягъэзэщIэныжмкIэ, щIэпхъаджагъэ хьэлъэ, хьэлъэ дыдэ зылэжьхьэм ящэщIэтыныжмкIэ».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

КъБР-м и Парламентым

ЩэнхабзэмкIэ унэхэм я Iуэхур зытетым топсэлъыхь

Республикэм и къуажэхэм ЩэнхабзэмкIэ я унэхэм я щытыкIэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым дэлажьэ Жылагъуэ советым.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ** жиIащ къаIэта Iуэхугъуэр игъуэу къызэрилъытэр:

- ЩэнхабзэмкIэ Iуэхущ1апIэхэм зегъэужьыным сыт щыгъуи гупылъ я ягъэуту щытащ. КъБР-м и Правительствэм игъэбелджылащ «КъБР-м и щэнхабзэ» программэр, 2013 - 2018 гъэхэм яхуэгъэза, щэнхабзэр егъэфIэкIуэным сэбэп хуэхъу нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри.

Егоровэм зэрыжиIамкIэ, 2015 гъэм федеральнэ, республикэ бюджетым, щыналъэхэм я бюджетым къыхэкIа мылъкукIэ ЩэнхабзэмкIэ унэу ял, сабийхэм пащIэ макъамэ школу щы зэрахьащ, щэнхабзэмкIэ унэу тхум щIэт щэнтхэр зэрахьэкIащ, библиотекэ 89-м компьютерхэр щIагъэувэри, интернетми пащIащ. Щэнхабзэ Iуэхущ1апIэхэм зэрызэужьым гу лъытэ хъуащ. ЩэнхабзэмкIэ унэхэм Iуэхуу щалэжьымрэ абыхэм балигъэу, сабийрэ ныбжьыщIэу екIуалIэмрэ я бжыгъэм хэхъуащ. ЩэнхабзэмкIэ унэхэм я дагъуэхэр къыщигъэлъагъуэм, Парламентым и Унафэщым тригъэщащ техникэ IэмэпсымэмкIэ, уэздыгъэмкIэ, утыкум зэрит фащэхэмкIэ, шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныкIэ а Iуэхур нэгъэсауэ зэрыщымытым. Егоровэм къыхигъэщащ а Iуэхущ1апIэхэр ныкъуэды къуэхэм зэрадзэмылажьэр, апхуэдэ Iэмали зэрамыIэр, ЩэнхабзэмкIэ унэхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэр зэрымащIэр. Спикерым къызэрыхигъэщамкIэ, КъБР-м и Iэнатlэм зыщIегъэужьыным теухуауэ къыщащта программэхэр мылъкукIэ щIэгъэбыдэжа зэрымыхьыр.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. Абы зэрыжиIамкIэ, �щэнхабзэмкIэ унэхэр зыхуейхэмкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ Iэмал зэхуэмыдзэжи хуокIуэ министерствэр. Псалъэм папщIэ, «Урысейм и щэнхабзэ» (2012 - 2018 гъгъ.) федеральнэ программэм хухаха ахъщэм щыщкIэ Нартканлэрэ Шэджэмрэ, Прималкинскэ къуажэм дэт �щэнхабзэмкIэ унэхэр зэрахьащ. Федеральнэ бюджетым къыхэкIа мылъкукIэ КъБР-м УхуэныгъэхэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщащ Псынабэ, Къулъкъужьи Ищхъэрэ къуажэхэм щыIэ �щэнхабзэмкIэ унэхэр зыхуей хуагъэзэныр. Щы-налъэхэм я бюджеткIэ зэрахьащ Лашынкъей, Яныкъуей, Щхьэлыкъуэ къуажэхэм щыIэ ЩэнхабзэмкIэ унэхэр, Къэщкъэтау, Аушыджэр, Шэджэм, Яныкъуей къуажэхэм дэт макъамэ школхэр. Зыхуей хуагъэзащ Прохладнэ къалэм Маяковский Владимир и цIэр зезыхьэ и библиотекэр. ЗыхуэзэфIэкIхэр къадэIэпыкъури, макъамэ Iэмэпсымэхэр къыхуащхьуащ. Къэщкъэтау, Шэджэм Ищхъэрэ къуажэхэм я школхэм. Макъыр зыгъэлъэщ Iэмэпсымэу сом мелуанрэ мин 739-рэ и уасэ къыхуащхьуащ �щэнхабзэмкIэ уни 9-м, сом мелуани 2-рэ мин 340-рэ ихьащ лъэпкъ пшынэу 29-рэ къащхьуным. 2016 гъэм �щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэм екъулIэу пшынэ 13 трагъэщащ, къуажэ клубхэм.

Муниципалитетхэм щыIэ щэнхабзэмкIэ Iуэхущ1апIэ нэхъыфIхэм я зэпеуэм 2015 гъэм щытекIуэ Iуэхущ1апIиплIымрэ щэнхабзэм и лэжьакIуэ нэхъыфIу щымрэ ахъшэ саугъэт хуагъэфэщащ. А Iуэхум федеральнэ бюджетым хухихащ сом мин 550-рэ.

ЗэIущIэм къыщаIэтащ къуажэ библиотекэхэм я Iуэхурэ. 2008 гъэм щегъэжьауэ КъБР-м и Правительствэмрэ УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ зэгурыIуэныгъэ зэрахьилIэм тету, илъэс къэс республикэм къыIэрыхьащ сом мелуан 13.

Къумахуэ Мухьэдин къытеувыIащ жылагъуэ-щэнхабзэ Iуэхугъуэхэми - республикэм и районхэм къыщызэрагъэпэщ фестивалхэм, зэпеуэхэм, зэхьыхь зэхуэмыдзэхэм.

Министрым жиIащ къуажэ сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэн егъэгъэтынымкIэ Iэмал гуэр къэгъэтын хуейуэ къызэрилъытэри. Мыбдеж япэу узыхуэзэ лъэпощхьэпор Iэщ1агъэлIэхэр зэрахуримыкъумрэ сабийхэм зэрадзэлажьэн Iэмэпсымэхэр, н. къ. зэрамыIэрщ. Абы и щIыIужкIи, �щэнхабзэмкIэ унэ куэд кхъахэ хъури, къэлъэлъэжьым нэсащ. Нобэ республикэм щыIэ ЩэнхабзэмкIэ уни 137-м щыщу и нэхъыбэр пIэщIыгъуэ кIуам и 20-50 гъэхэм яухахэрщ. Процент 60-р жьы дыдэ хъуащ, 25-р зэхуащIащ, 4-р ирахьпащ. Иджыпсту мэлажьэ уни 108-рэ. Абы щыщу 23-р къэгъэщIэрэщIэжьым, 58-р зехьэн хуейщ.

ЖьылагъуэУ советым хэтхэм я упщIэхэм жэуап щаритым, Къумахуэ Мухьэдин жиIащ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм хагъэхьуэну зэрагъэбелджылам тету зэрекIуэкIыр.

ЗэIущIэм хэтхэр тепсэлъыхьащ урысей кином цIыхухэр дегъэхьэхьным теухуауэ лэжьыпхъэм. Къуажэ клубхэм кино щагъэлъэгъуэну Iэмал щыIэкъым, ауэ республикэм иIащ бгъэIэпхъэ хъу кинобудкэ. Абы Iэмал къует дэнэ щIыпIи кино щыбгъэлъэгъуэну.

Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ Урысей кином и илъэсым псом хуэмыдэу а Iуэхум гупылъэ хуэщIын зэрыхуейр. ЩIблэр гъэсэныжкIэ кином иIэ мыхьэнэм и инагъыр къэплъытэмэ, абы гупылъэ хэхэ хуэщIыпхъэщ. Куэд ельытащ къуажэ администрацэхэм я унафэщIхэм яхэлъ жэрдэмым, Iуэхум мылъку хилъхьану Iэмал зиIэ хъэрычэтыщIэхэм я жумартагъым.

ЩэнхабзэмкIэ унэхэм къуажэхэм зыщегъэужьыным теухуауэ я гупсысэхэр жаIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым дэлажьэ Жылагъуэ советым хэт Таукеновэ Галинэрэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщI Дау Марьянэрэ. Таукеновэм къелъытэ сабий зэчиифIэхэм папщIэ интернат къызэгъэпэщыжын хуейуэ. Марьянэ нэхъыщхьэу зытритэщIар щэнхабзэм зезыгъэужьын Iэщ1агъэпIэхэр къепшэлIэн, пIыгъын папщIэ я улахуэм хэгъэхъуэныщ.

ЗэIущIэм хэтхэм унафэ къыщащтэм, КъБР-м и Парламентым и комитет щхьэхуэхэм чэнджащэхэр иратащ. Апхуэдэущ «Щэнхабзэм теухуауэ» КъБР-м и Законым федеральнэ законодательствэм и мардзэкIэ къэлъытауэ хэплъажьныр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм Парламентыр кIэлъыплъыныр, абыхэм я щIэныгъэм хагъэхьэныкIэ Iэмалхэр къэгъэсэбэпыныр.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.
Сурэтхэр **Iэхъуэбэч Хьэзрэ1ил** *трихащ.*

Гъавэ бзэкIэ мэзуэзэ

● Тэрч щIыналъэ

Джылахъстэнейм гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр щокIуэкI.

БЭДЖЭНДЫРЫЛАЖЬЭХЭМ мы гъэм нэхъыбэу хасар бжыьхьэсэ гуэдзырщ - гектар миниблым щIегъу. Мы зэманым ар щхъуантIэу кьыгъуеваш. Механизаторхэм щIадзауэ абы азот щыгъэпшэрхэмкIэ йолэжь. ЩIым псыгагъэр езыгъэIыгъ пкъыгъуэхэри гектар мини 7-м ирахьпIащ.

Гъатхасэм и гугъу тщIымэ, мэкъумэш IэнатIэхэм псори зэхэту гектар мин 28-рэ, сэхуранэу мини 4-м щIигъу хасэну я мурадщ. Ахэр жылапхъэфIэхэмкIэ къызэгъэпэщащ, хьэсэхэри ягъэхьэзыращ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

НОБЭ

♦Зыужьныныгъэмрэ мамырыгъэмрэ яхуэлажьэ спортым и дунейпсо махуэщ. 2013 гъэм щыщхьэуIуэм и 23-м ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм унафэ къищтащ илъэс къэс а махуэр мэлыжьыхьым и 6-м я къэралхэм зэдгъэлъэпIэным теухуауэ.

♦УФ-м и МВД-м и следственнэ органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Къыргъызым щагъэлъапIэ физкультурэмрэ спортымрэ я лэжьакIуэхэм я махуэр

♦248 гъэм римдзэм Iэтауэ ягъэлъэпIауэ щытащ я къуалэр илъэс мин зэрырикъур. Тхыдэджхэм къагурIуэркъым а махуэм икIи а илъэсым ар щIагъэлъэпIар, сыту жыпIэмэ, Урымым и тхыдэм и пэжьIпIэр нэсу зыщIэу къалытэ Варрон Марк зэрыжиIамкIэ, а къалэм и лъабжьэр Ромул щигъэтIылъар 753 гъэм и мэлыжьыхьым и 21-рщ.

♦1814 гъэм Наполеон Франджым и пащтыхь къулыкъум текIыну къытраГъэхьэри, апхуэдэ лъэбакъуэ яIэу ирагъэнауэ щытащ франджыдзэм и маршалхэу Мортьерэ де Мармонрэ.

♦1896 гъэм Афинхэм (Алыдж) япэ гъэмахуэ Олимп джэгухэр къыщызэIуахауэ щытащ. Зэпеуэхэр щекIуэкIащ «Панатинаикос» стадионым.

♦1899 гъэм Москва и урамхэм къыдыхьащ электрокъарукIэ лажьэ япэ трамвайр.

♦1930 гъэм Вагъуэ Плъыжь орденыр къащтащ. Хэку зауэшхуэм и зэманым цIыху нэхъыбэ дыдэм хуагъэфэща къэрал дамыгъэхэм ящыщщ ар.

♦1941 гъэм нэмыцэ кхъухьлъатэхэм Югославием и къалащхьэ Белград зэхэкъутэн щIадзащ.

♦Урысей жылагъуэ лэжьакIуэ, тхакIуэ-публицист **Герцен Александр** къызэралъхурэ илъэси 204-рэ ирокъу.

♦Урыс дохутыр щIорыIуэ, хирург Iэзэ дыдэу къалъытэу щыта, профессор **Склифосовский Николай** къызэралъхурэ илъэси 180-рэ ирокъу.

♦ТхыдэщIэныгъэхэм я доктор, профессор, Акмеологие щIэныгъэхэм я академиуе Санкт-Петербург щыIэм и действительнэ член **Бэчыжь Мухьтар** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, кинорежиссёр, РСФСР-м и цIыхубз артист **Любшин Станислав** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Дирижёр, композитор, УФ-ми КъалмыкъРеспубликэми я цIыхубз артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтыми и лауреат **Темыркъан Борис** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, Адыгэ къэрал университетым и профессор **Бырсыр Батырбий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и цIыхубз усакIуэ **АбытIэ Хъызыр** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Психологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Къэбардэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ХъуэкIуэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Адыгей тхакIуэ **Джэш Рахьмэт** къыщалъхуа мазэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Узыхуэмыдэм уи уэрэд еус.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Псыгуэнсум и щIэблэ дахэ, уи зэфIэкIыр ирехъу лъагэ!

«Адыгэ псалъэ» газетым и жэрдэмкIэ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэм илъэс пщыкIубл хъуауэ ди щIыналъэм щригъэкIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэ-фестивалым и зи чэзу Iыхьэр йокIуэкI. Дыгъуасэ абы щыпащащ Аруан щIыналъэм хыхьэ Псыгуэнсу къужэм дэт курыт школ №1-м.

ЕДЖАПIЭМ и Iэщ1агъэлIхэмрэ и гъэсэн цIыкIухэмрэ анэдэлъхубзэмкIэ яIэ зэфIэкIым кIэлъыплъыну, я ехьулIэныгъэхэм щыгъуазэ зыхуащIыну еджапIэм яхуеблэгъат Къбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зи пашэ къэпщытакIуэ гупым хэтхэр. ЕджапIэм гупым щыщ щIалэхэр гъэзэгукум итт, адыгэ лъэпкъ ныпыр хуарзэу яIыгъуу. ГъэзэгубгъуитIым еувэкIат адыгэ фащэ екIуэр зыщыгъ щIалэ щхьэданэмрэ пщащэ цIыкIухэмрэ. Абдеж къыщыдгъэзэжа балигъхэм къуажьдзэ нэхъыжьхэр я пашэт, Аруан щыналъэм, жылэм я унафэщIхэм ящыщхэр, егъэджэныгъэмкIэ район IэнатIэм и Iэщ1агъэлIхэр яхэтт. Шууей щIалэхэр я гъэзэгугъэлъагъуэу хьэщIэхэр еджапIэм нэсащ. ЕгъэджакIуэхэмрэ еджакIуэ цIыкIухэмрэ нэмыщI, гуфIэгъуэ зэхьыхьэ кърихьэлIат Псыгуэнсу къыдэкIа, мы школым щеджа, республикэ псом къыщацIыху къулыкъущIэхэр, артистхэр, спортсменхэр.

Зэхьыхьэм хэтхэр школ пщIантIэм зэрыдыхьэу адыгэ джэгур яублащ, «Адыгэм хьэщIэр ди щIасэщ. Фыкъытхуеблагъэ!» - псалъэзэкIэ къыпежьащ Аруан районым и администрацэм и тхьэмадэ Куэшей Азэмэт, абы и къуэдзэ Щоджэн Риммэ, егъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ Iэнатlэм и унафэщI АфIэунэ Мухьэдин, кхъужэ администрацэм и Iэтащхьэ Къьанкъуй Хьэчим, школым и унафэщI Безыр Мадинэ сымэ.

Махуэщхуэм и программэм къызэщIиубыдэрт егъэджакIуэхэм я мастер-классхэри, классщIыб лэжьыгъэри, методикэ зэгухэныгъэм и лэжьыгъэм теухуа презентацэри, еджакIуэ цIыкIухэм я зэфIэкIхэр щызэхуэхьса гъэлъэгъуэныгъэхэри. КъэпщытакIуэхэм я пащхьэ къралъхьа псори гукъинэ ящыхъуащ, икIи сабийхэм адыгэ хабзэм, нэмысым, анэдэлъхубзэм фIыуэ зэрыхащIыкIыр, зэчий хьэлэмэт зэрабгъэдэлъыр гупэ щыхъуауэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд фIыщIэ псалъэхэмкIэ захуигъэзащ махуэшхуэм хэта псоми. Тхьэмадэр сабийхэм ехьэхъуащ я къуажэр, лъэпкъыр ягъэлъапIэу, хабзэмрэ бзэмрэ хуаIэ лъагъуныгъэр мыкIуэщIу, ефIакIуэ зэпыту гъащIэм хэтыну.

ЩОДЖЭН Iэминат.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Адыгэ псалъэр» къевгъэхьынумэ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

Мэлыжьыхьым и 21 пщIондэ Iэ щIэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфхуахьынущ накъыгъэм и 1-м щыщIэдзауэ.

МазитIым ди газетым и уасэр сом 279-рэ кIэпIейкIэ 96-рэщ.

Ди индексыр 51531

● КъБР-м и Парламентым

Мэкъумэш ІэнатІэм адэкІи щІэгъэхуэбжьауэ зиужьынущ

КъБР-м и къэрал властым и органхэм, гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ ІэнатІэхэм я щыналъэ органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ Щ1алэгъуалэ палатэм я лЫкІуэхэр, бизнесменхэр кърихьэлІэу Къбзэрдей-Балъкъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм щекІуэкІащ КъБР-м мэкъумэш продукцэ къыщызылэжьхэм ахъшэкІэ къэралыр къаэзрыдэІэпыкъум, субсидиехэр нэхъ фейдэ пылъу къэгъэсэбэныныжьмкІэ хэкІыпІэхэм щытепсэлъыхьа зэІущІэшхуэ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмкІэ, экологиемкІэ, щыІуэпсыр къэгъэсэбэныныжьмкІэ, щы ІуэхуэмкІэ и комитетым. ЭкономикэмкІэ, инвестицэхэмкІэ, хьэрычэт ІуэхуэмкІэ комитетым, БюджетымкІэ, налогхэмкІэ, финансхэмкІэ комитетым я жэрдэмкІэ.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмкІэ, экологиемкІэ, щыІуэпсыр къэгъэсэбэныныжьмкІэ, щы ІуэхуэмкІэ и комитетым и унафэщІ Мокаев Кемал къыхиГъэщхьэхуэкІащ мы зэхьхьэр КъБР-м и Іэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуиґъэзам къыщыґъэувахэр гъэззэщІэным хиубыдэу зэрыґаръкІуэкІыр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Бозий Натбий и псалъэм къызэрыхиГъащамкІэ, аграпромышленнэ комплексым зеГъэужьыным, абы къэралым зэрызыщІагъакъуэм нэхъри хэГъэхьуэным иджыпсту гупылъгэшхуэ хуащІ. Апхуэдэ гупылъгэм и щхьэусыгЪуэр ерыскъыпхъэхэм я Іъэныкъуэкіэ зэрыщыту къэралми абы и дэтхэнэ щІыналъэми шынагъуэншагъэ къыхуэзгъэпэщын, аграрнэ ІэнатІэм щІэныгъэр зи Іьабжьэ технологиехэм зыщґъэзубґъун, нэгъуащІ къэралхэм къыщащхъу ерыскъыпхъэхэм я Іэныкъуэ продукцэ къехьэлІэным уней Іьапсэхэм щыІэ хозяйствахэм я деж къыщыґъэжьауэ агрохолдинг инхэм нэсыкУ къыхэщэн зэрыхуейращ.

Мэкъумэш ІэнатІэм къэралым ирит дэІэпыкъуныґъэм зэпымыууэ хохьуэ. 2015 гъэми абы нэрыльагґуу къыщІиґъуащ. Республикэ, федеральнэ бюджетхэм къаахэкІыу мэкъумэшыщІэхэм сом меларди 2-м нэблагъэ къаІэрыхьащ, ар 2014 гъэм елъытауэ 18,4-кІэ нэхъыбэщ. Иджыпсту экономикэр щытыкІэ гуґъуэм зэрияуаам щхьэкІэ къэмынэу, Бозий Натбий зэрыжиІамкІэ, мэкъумэшыщІэхэм ядэІэпыкъуным трагъэІуэдэн папщІэ мэкъумэш продукцэ къэзылэжь хозяйствэ лІэужьыґуэ псоми бюджетым щыхухах ахъшэр 2016 гъэми зыкІи ягъэмэщІакъым.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Говоров Сергей зэІущІэм хэтахэр щытуэзэ ищІащ блэкІа илъэсым зэфІагъэкІахэм. Бжьыґэхэм нэрыльагґуу къыпщащІ мэкъумэш хозяйствэм зыужьыныґъэ зэриІэр.

Къапщтэмэ, 2015 гъэм мэкъумэшхэкІыу сом мелард 38,7-рэ и уасэ е 2014 гъэм елъытауэ проценти 104,4-рэ кърахьэлІащ. Гъэр тыншу щымытами, гъавэу, джэшхэкІыу сом мин 947,5-рэ, гъавапхъэ нартыхуу тонн мин 790,4-рэ зэщІакъуэжащ. КІэрпІофу тонн мин 234-рэ къатІэжащ (проценти 104-рэ) зы гектарым ику иту центнери 167,9-рэ хуэзэу, хадзэкІыу тонн мин 406,8-рэ (проценти 117-рэ) зы гектарым центнери 187,5-рэ хуэзэу, пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэу тонн мини 125,2-рэ (проценти 105-рэ) зы гектарым центнери 123,7-рэ хуэзэу кърахьэлІэжащ.

ЩІыпІэрысу гектар мин 229,0-рэ гъэ щІагъэкІащ, бжьыхьэсэ къэкІыгъэхэр гектар мин 68,2-м трасащ.

2015 гъэм лыуэ тонн мини 105,1-рэ къалэжьащ, ар 2014 гъэм елъытауэ проценти 106-рэ мэхъу. Гъэшу нэгъабэ тонн мин 469,6-рэ (проценти 101,7-рэ) къашащ, джэдыкІэу мелуани 189,1-рэ (проценти 103,5-рэ) кърахащ. Ди щылалъэм бдзэжьей щызыгъэхъуэхэм тонн 2468-рэ къаубыдащ, ари 2014 гъэм нэхърэ нэхъыбэ мэхъу.

Говоров Сергей хэхауэ кьиґъэлъэгъуащ агропромышленнэ комплексым екъэлІа инвестицэ проекту 70 республикэм зэрыщызэхалъхьар, ахэр псори 2020 гъэм фІэмыкІыу яґъэзэщІэн зэрыхуейр икІи псори зэхэту абыхэм сом мелард 58-м щиґъу заратекІуэдэнэр. БлэкІа илъэсым ди щІыналъэм щелэжьащ инвестицэ проекту 18-м. Абыхэм ящыщу 5-р зыхуэунэтІар нэґъуэщІ къэралхэм кьыщащэхум пэхъун икІи ар зыґъэмэщІэн мэкъумэш продукцэ къэлэжьынырщ. Нэґъабэ зэтрагъэуващ мэкъумэшхэкІыу тонн мин 75-рэ къэлэжьынын, зыхуей хуэґъэзэным, щэным тещІыхьа «Прохладнэ» акционер зэґуэныґъэ зэІуэр.

2015 гъэм Къабардей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм ирищьІла зэґуныґъэнэ нэхъыщхьэу 3-м, абыхэм я гуэдзэну щыт зэґуныґъэнэ 10-м япкъ иткІэ, федеральнэ бюджетым и ахъшэр КъБР-м кьыхуаутІыпщынущ унэтІныґъэу 27-м тету.

Жыґ хадзэкІэ гъэзкІыныкІэ программэм тету 2015 гъэм республикэм жыґ хадзу гектар 1400-рэ щыхасэн хуеяти, а бжьыґэр гектар 2400-м нагъэсащ, абыхэм ящыщу гектар 2200-р пасэу кьызыпыкІэ жыґ хадзэкІэщ. Мы ІэнатІэм икъуэкІэ псынщІэу зеуэж, абы кьыхэжІыу иджыпей пхъэщхьэмыщхьэ зэчыпІэхэр щыным хуэфащэ гупылъгэ имыґъуэтмэ, илъэси 2-3 нэхъыбэ дэмыкІыу пхъэщхьэмыщхьэр хьуэмэкъуэр щэнымкІэ гуґуэхьэр кьыкъуэкІынкІэ хъунущ. Абы кьыхэкІыу мыхьэнэ хэха иІэщ «капекс» жьыхуІэ программэу УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм зэхилъхьам. Абы хэтын папщІэ нэґъабэ зыхуэфащэ заявкхэхэр ятащ КъБР-м и мэкъумэш предприятэу 9-м. Псори зэхэту а заявкхэхэм къапэкІуэн хуей инвестицэр сом меларди 3,2-рэ мэхъури, а ахъшэм и процент 20-р, нэґъуэщІу жьпІэмэ, сом меларди 648,8-р мы проектым хэтыну мурад зыщІахэм кьратыжынущ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу.

Къэґъэлъэґуапхъэщ мы программэм хэтын папщІэ дызэрыт илъэсым инвестицэ заявкэу аргуэру 13 кьызэрагъэпэщащ абыхэм я уасэр сом 1 меларди 633-рэ зэрыхъур. Ягъэува мардэхэм ятещІыхьауэ къапщтэмэ, а ахъшэм щыщу къэралым и дэІэпыкъуныґъэр сом меларди 367-рэ мэхъу. А псоми я фІыщІэкІэ пхъэщхьэмыщхьэ хъумэпІэхэм 2015-2016 гъэхэм нэрыльагґуу заубґъунущ икІи абыхэм я зэфІэкІыр тонн мин 51,5-м нэсынущ. Зэрыщыту къапщтэмэ, «капекс» жьыхуаІэ программэм хиубыдэу КъБР-м проект 28-рэ щыІэщ икІи абыхэм трагъэкІуэдэн хуей ахъшэр сом меларди 5,2-рэ мэхъу.

- ДызэрепІымкІэ, а псори себэп хунущ Къэбардей-Балъкъэр Республикэм инвестицэхэм я пІэнэкъуэкІэ щыІэ щытыкІэр егъэфІэкІуэнымкІэ, - жиІащ Говоров Сергей.

Мэкъумэш продукцэ къэзылэжь-хэм къэралым зэрызащІигъакъуэм и гуґъу пщІымэ, 2015 гъэм апхуэдэ дэІэпыкъуныґъэ ираташ къэлъэІуэхэм ящыщу 15325-м. «Мэкъумэш-хозяйствэ» ІуэхуэмкІэ къауТІыпщ субсидиехэм ящыщу сом мелуан 602-р мэкъумэшыщІэхэм кьыІаха ерагітехэм процентклэ щхьэщыткІэ ахъшэм щыщ Іыхьэ яхуэпшынысыжьым, сом мелуан 824,7-р гъавэ зыґъэкІхэм защІэгъэкъуэным, сом мелуан 423,6-р Іэщ зыґъэкъуэхэм ядэІэпыкъуным хухахащ.

Доклад зыщІам зэрыжиІамкІэ, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэр нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъу уежьащ бюджет ахъшэр зыхухахахэм кьызэрагъэсэбэпым. Къапщтэмэ, фермер лэжьыґъэм хьихьагъащІэхэмрэ унагъуэ фермэхэр зиІэхэмрэ ящыщу субсидиехэр зратахэм хуагъэуващ абыхэм хухаха грантхэр кьызэрагъэсэбэп щыкІэм теухуа отчётхэр мазищ кьэс зэ кьатыну. Апхуэдэу КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и Жылагъуэ советым хэтхэм республикэм и жылагъуэхэм кьызэхакІуэхэм икІи грантхэр зыхухахахэм я нэхъыбэм яхуэзащ.

ЗэІущІэм кьрихьэлІэхэм Говоров Сергей гу лъаригъэтащ программэ зэмылІэужьыґъуэхэм республикэм и районхэр зэрыхэтыр хуабжьу зэрызэщхьщыкІым.

КъБР-м экономикэ зыужьныґъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Белецкая Ольгэ иубзыхуащ мэкъумэш хозяйствэм зеґъужьыным хуэґъэза къэралым дэІэпыкъуныґъэр унэтІныґъэ пыухыкІахэм ятещІыхьауэ республикэм зэрыщытраґуашэр. Апхуэдэ унэтІныґъэхэм ящыщщ мэкъумэш продукцэ къэлэжьынырщ, рынокыр, кьуажэхэм я социальнэ инфраструктурэр.

Къэралым и мылъкуэ, субсидиехэр зэщщхьэтыкІ кредиту мэкъумэш организацэхэм ІэнатІэхэм кьащґъэсэбэпамрэ абы и фІыщІэкІэ кьаІэрыхьа хьерымрэ зэпэплъыта нэужь, гурыІуэґъуэ мэхъу бюджетым кьыхэкІ субсидиехэмрэ льготэ зиІэ кредитхэмрэ зэґъэзэхуауэ кьызэрамыґъэсэбэпыр.

Апхуэдэу щыт пэтми, къэґъэлъэґуапхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и агропромышленнэ комплексым щыкІалэжь продукцэм хэхъуэ зэпыту зэрекІуэкІыр. Къапщтэмэ, 2015 гъэм ди мэкъумэшыщІэхэм кьалэжьа продукцэр 2005 гъэм елъытауэ хуэдэ 1,7-кІэ нэхъыбэщ, икІи абы и ІьэныкъуэкІэ республикэм и зыужьныґъэр зэрыщыту Урысей Федерацэм елъытауэ куэдкІэ нэхъ псынщІэу йоКІуэкІ. Республикэм и агропромышленнэ комплексым 2006 гъэм иІа щытыкІэр 2015 гъэм и кІэухым еплъытмэ, нэрыльагґуу къыпщохьу мы ІэнатІэм технологие зыужьныґъэхэу зэрыщыІэр. А зэманым къиґубыдэу мэкъумэш техникэщІэу куэд кьащхьэхуащ, иджырей зэманым кьиґъэувкэм езэґъэуу.

Апхуэдэу мэкъумэш продукцэм и зэхэтыкІэрэ ефІэкІуэщ икІи абыкІэ нэхъыбэу сэбэп хуэар инвестицэ проект инхэр зэрагъэзэщІарщ. Мэкъумэш продукцэм и куэдагъэм кьыдэкІуэу иджыпсту гупылъгэ хэха хуащІ абы и фІагъэр кьэІэтынмэ.

КъБР-м и Къэзыпщытэ-къэзыбжь палатэм и аудитор Хьэщіэлэ Славэ зэІущІэм кьрихьэлІаХэр щыґъуаз ищІащ. мэкъумэш продукцэр къэзылэжьхэм ядэІэпыкъуным хуэґъэзауэ къралым кьиуТІыпщ ахъшэр тэмэму къэґъэсэбэпыным теухуауэ ирагъэкІуэкІа къэпщытэныґъэхэм къариклуэхэм икІи абы и ІьэныкъуэкІэ щыІэ мыхъумыщІагъэхэм я гґуу ищІащ.

Урысейм Налогхэмкіэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщым и кьуэдз Будаев Расул и информацэм кьыІэрыхэщамкІэ, 2015 гъэм КъБР-м и бюджет зэґуэтым кьыІэрыхьэ ахъшэр сом мелуан 21,9-кІэ нэхъыбэ хъуащ, абы хиубыдэу мэкъумэш налог зэґуэту сом мелуани 7,3-кІэ, жылагъуэхэм кьыщыхах налог ахъшэр сом мелуани 4,2-кІэ нэхъыбэ хъуащ.

Зэ1ущ1эм кьыщаІэта Іэхуэхэм зэрепІыр кьыІэзхуэсахэм я пащхьэ щыжаІащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Нэхущ Заурбий, КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ аграрнэ университетым и профессор, мэкъумэш щІэныґъэхэм я доктор Къагъыржмэс Црай, КъБР-м и МэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэмрэ мэкъумэш кооперативхэмрэ я ассоциацэм и советым и тхьэмадэ Гуэбзыщікі Жантемыр сыжэ.

Зэ1ущ1эм щыжаІащ мэкъумэш Іэнатіэм кьэралыр зэрыдэІэпыкъу ахъшэр кьыІэрагъэсэбэпым фейдэуэ кьрикІуэн хуейр зыхуэдизыр кьэзыґъэлъаґъуэ пщалъэхэр зэхэлъхьэным щІэныґъэр зэремыґуґуар. Абы папщІэ федеральнэ, щыналъэ бюджетхэм кьыхэкІыу агропромышленнэ комплексым зэрыдэІэпыкъуну ахъшэр зыхуэдизыр щаубыдыкъуІ абы кьыпэкІуэнэр кьалъытэркъым. Отчётхэми зэи щыґъуґъэтынукъым республикэм и районхэмрэ хозяйствэ щхьэхуэхэмрэ ахъшэр зэґъэзэхуауэ кьызэрагъэсэбэпым икІи абы кьыпэкІуэу кьалэжьыр зыхуэдизым теухуа бжьыґэхэр.

Ауэ, ипэжыпІэкІэ кьапщтэмэ, кьыбґурыІуэну гуґуэкъым хозяйствэ, район щхьэхуэхэм субсидиехэр кьызэрагъэсэбэпым кьыпэкІуэу кьаІэрыхьэ фейдэр егъэлеяуэ зэрызэщхьэщыкІыр. Псалъэм папщІэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Бердюжэ Владимир езыр зи пашэ «Ленинцы» мэкъумэш кооперативым и лэжьэкІэм щытепсэлъыхьым кьиґъэльэґуащ а хозяйствэм 2015 гъэм япэ дыдэу сом мелуан 16 субсидиеу кьыхуаутІыпщауэ зэрыщытам. ЦІыху 400-м щиґъу щылажьэ икІи республикэ пСом я дежкІэ щапхъэу щыт мы хозяйствэм я ахъшэр тэмэму кьызэрагъэсэбэпам щыхьэт тохъуэ мыпхуэдэ бжьыґэхэр. Илъэс кІуам кьриубыдэу кооперативым сом мелуан 300 и уасэ продукцэ ищащ икІи бюждетым и ІэнатІэ псоми налог ахъшэу сом мелуан 31-рэ хилъхьащ. Іэнатіэм трагъэкІуэда дэтхэнэ сом минми кьыпэкІуэу фейдэуэ процент 37-рэ кьыпах. Продукцэм и пІэужьыґуэхэри и куэдагъри гъэ кьэс нэхъыбэ хъуэ зэпытщ.

Нэґъабэ мы хозяйствэм гъавэу тонн мин 12, кьыпІуэу тонн 675-рэ, мыІэрысэу тонн 900, хадзэкІыу тонн 500 кьыщрахьэлІэжащ. Иджыпсту абы жыґ хадзу гектар 96-рэ иІэщ. Пхъэщхьэмыщхьэу гъэ кьэс нэхъыбэ кьызэрыпачыжьым кьыхэкІыу, тонн мин 1,5-рэ зыщІэхуэн хъумапІэ кьрагъэжьауэ ящІ.

- Ленинцы» кооперативым гупылъгэ хэха щыхуащІ Іэщ гъэкъуэным. 2016 гъэм щІышылэм и 1-м иріхьэлІэу абы быныму 2634-рэ иІащ, жэм кьашу 675-рэ хэту. Джэдкъазыр мин 55-м щІегъу. Зы илъэсым кьриубыдэу кооперативым лыуэ тонн 715-рэ, джэдыкІэу мелуани 5, гъэшу тонн мини 4 иІащ.

- Дэ зыхуэдґъэуважа кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ гъэшу кьэтІыпкІэ кІэрымыбґъэхуныр, - жиІащ Бердюжэ Владимир.

Абы кьызэригъэлъэґуамкІэ, хозяйствэм хуэфащэ гупылъгэ щеґъуэт щІэупщІэ зиІэ ерыскъыпхъэ гъэхьэзырыным. Иджыблагъэ кьагъэщІэрэщІэжащ гъэшхэкІхэм щелэжь цехыр. Хозяйствэм иІэщ хадзэкІхэр, пхъэщхьэмыщхьэр, лыр, джэдыкІэр зыхуэй щыхуаґъаз, абыхэм зыкІи зэмылІэужьыґуэхэр кьыщыхащІыкІ Іэнатіэхэр.

Езыхэр зэрылажьэ щыкІэм, къэралым кьахуиутІыпща субсидиехэр кьызэрагъэсэбэпам зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэм я унафэщІхэу Купщын Артуррэ Сэралъп Асльэнбэчрэ.

Зэ1ущ1эм апхуэдэу кьыщІэтащ инвестицэ проект щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэм, хьупІэкІэр кьызэрагъэсэбэпым, бдзэжьей гъэхъуным зеґъужьыным пыщІа программэр зыґъэзащІэхэм зэрадэІэпыкъум ехьэлІа Іэхуэхэм, апхуэдэу КъБР-м и Іьыкіуэ Іэхуэщ1эхэм УФ-м и щІыналъэ зэмылІэужьыґуэхэм щІыпхэм ирагъэкІуэкІ сату-экономикэ лэжьыґъэм сэбэпынагъуэ кІухьыр зыхуэдизым.

Зэ1ущ1эм кьыщапсэлъахэмрэ абы кьыщыхалъхьа Іэхуэ зэмылІэужьыґъуэхэмрэ япкъ иткІэ кьаштащ зыхуэфащэ Іэнатіэхэм яхуэґъэза чэнджэщхэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іэхуэщ1апІэ.

● Абы дегъэпІейтей

Тыркум щыщ адыгэхэу КъБР-м щыпсэухэм республикэм и Суд Нэхъыщхьэр къащхьэщож

Іэпхъуэшапхъуэхэм ятеухуа законодательствэр къыззрыгъэпаудамкІэ игъэкъуэншэри, УФ-м Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхуэмкіэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм Тыркум и цІыхуу республикэм илъэс зыбжанэ льандэрэ щыпсэухэм ящыщу 26-м ахэр пІалъэкІэ республикэм щыпсэуну хуит зэращІа тхьилъхэр кьаІихыжащ. Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхуэмкіэ «хабзэншагъэ зылэжьахэр» республикэм зэрыраґъэкІыжыну тхылъхэр игъэхьэзыра къудейуэ, КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм апхуэдэ унафэр икъутэжащ.

УФ-м Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхуэмкіэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и лЫкІуэм зэрыжиІамкІэ, мы Іуэхуэщ1апІэм Іэпхъщ1эгъэзэщІагъэкІащ, Тыркум и цІыхухэм "Урысейм Іэпхъуэшапхъуэхэм ятеухуа и законодательствэр къызэгаупаудащ икІи ар пІалъэкІэ кьурыкъущІапІэм и Управленэм фІэґъэнапІэ ищІар Тыркум щыпсэухьыжьым ящыщу 26-м ящыщ ятеухуа и законодательствэр зэрыщыпаудащ. Псалъэм папщІэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Бердюжэ Владимир езыр зи пашэ «Ленинцы» мэкъумэш кооперативым и лэжьэкІэм щытепсэлъыхьым кьиґъэльэґуащ а хозяйствэм 2015 гъэм япэ дыдэу сом мелуан 16 субсидиеу кьыхуаутІыпщауэ зэрыщытам. ЦІыху 400-м щиґъу щылажьэ икІи республикэ псом я дежкІэ щапхъэу щыт мы хозяйствэм я ахъшэр тэмэму кьызэрагъэсэбэпам щыхьэт тохъуэ мыпхуэдэ бжьыґэхэр. Илъэс кІуам кьриубыдэу кооперативым сом мелуан 300 и уасэ продукцэ ищащ икІи бюждетым и Іэнатіэ псоми налог ахъшэу сом мелуан 31-рэ хилъхьащ. Іэнатіэм трагъэкІуэда дэтхэнэ сом минми кьыпэкІуэу фейдэуэ процент 37-рэ кьыпах. Продукцэм и пІэужьыґуэхэри и куэдагъри гъэ кьэс нэхъыбэ хъуэ зэпытщ.

Нэґъабэ мы хозяйствэм гъавэу тонн мин 12, кьыпІуэу тонн 675-рэ, мыІэрысэу тонн 900, хадзэкІыу тонн 500 кьыщрахьэлІэжащ. Иджыпсту абы жыґ хадзу гектар 96-рэ иІэщ. Пхъэщхьэмыщхьэу гъэ кьэс нэхъыбэ кьызэрыпачыжьым кьыхэкІыу, тонн мин 1,5-рэ зыщІэхуэн хъумапІэ кьрагъэжьауэ ящІ.

- Ленинцы» кооперативым гупылъгэ хэха щыхуащІ Іэщ гъэкъуэным. 2016 гъэм щІышылэм и 1-м иріхьэлІэу абы быныму 2634-рэ иІащ, жэм кьашу 675-рэ хэту. Джэдкъазыр мин 55-м щІегъу. Зы илъэсым кьриубыдэу кооперативым лыуэ тонн 715-рэ, джэдыкІэу мелуани 5, гъэшу тонн мини 4 иІащ.

- Дэ зыхуэдґъэуважа кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ гъэшу кьэтІыпкІэ кІэрымыбґъэхуныр, - жиІащ Бердюжэ Владимир.

Абы кьызэригъэлъэґуамкІэ, хозяйствэм хуэфащэ гупылъгэ щеґъуэт щІэупщІэ зиІэ ерыскъыпхъэ гъэхьэзырыным. Иджыблагъэ кьагъэщІэрэщІэжащ гъэшхэкІхэм щелэжь цехыр. Хозяйствэм иІэщ хадзэкІхэр, пхъэщхьэмыщхьэр, лыр, джэдыкІэр зыхуэй щыхуаґъаз, абыхэм зыкІи зэмылІэужьыґуэхэр кьыщыхащІыкІ Іэнатіэхэр.

Езыхэр зэрылажьэ щыкІэм, къэралым кьахуиутІыпща субсидиехэр кьызэрагъэсэбэпам зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэм я унафэщІхэу Купщын Артуррэ Сэралъп Асльэнбэчрэ.

Зэ1ущ1эм апхуэдэу кьыщІэтащ инвестицэ проект щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэм, хьупІэкІэр кьызэрагъэсэбэпым, бдзэжьей гъэхъуным зеґъужьыным пыщІа программэр зыґъэзащІэхэм зэрадэІэпыкъум ехьэлІа Іэхуэхэм, апхуэдэу КъБР-м и Іьыкіуэ Іэхуэщ1эхэм УФ-м и щІыналъэ зэмылІэужьыґуэхэм щІыпхэм ирагъэкІуэкІ сату-экономикэ лэжьыґъэм сэбэпынагъуэ кІухьыр зыхуэдизым.

Зэ1ущ1эм кьыщапсэлъахэмрэ абы кьыщыхалъхьа Іэхуэ зэмылІэужьыґъуэхэмрэ япкъ иткІэ кьаштащ зыхуэфащэ Іэнатіэхэм яхуэґъэза чэнджэщхэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іэхуэщ1апІэ.

● Банк Іуэхуэр

«Гъатхэ гукъыдэж»

Апхуэдэ фІэщыґъэ иІэу «Урысейм и мэкъумэш банк» АО-м иригъэжьащ зи мылъкур зыхъумэну, зыґъэбэґъуэну хуейхэм папщІэ ІэхуэхтхьэбзэщІэ.

МЫР адрейхэм къащхьэщокІ мылъкур банкым зэрыхэлъ зэман псом кьриубыдэу абы кьищІ процентым хэхъуэ зэпыту, 7-м кьыщыщІэдзауэ 12-м нэсыкУ илъэсым тещІыхьауэ, зэрыщытмкІэ. Апхуэдэу и чэзур кьэмысу ахъшэр кьыхэпхьжьын хуей хъумэ, ахэр зэрыщІигъакъуэм и гґуу пщІымэ, 2015 гъэм апхуэдэ дэІэпыкъуныґъэ ираташ къэлъэІуэхэм ящыщу 15325-м. «Мэкъумэш-хозяйствэ» Іуэхуэмкіэ къауТІыпщ субсидиехэм ящыщу сом мелуан 602-р мэкъумэшыщІэхэм кьыІаха ерагітехэм процентклэ щхьэщыткІэ ахъшэм щыщ Іыхьэ яхуэпшынысыжьым, сом мелуан 824,7-р гъавэ зыґъэкІхэм защІэгъэкъуэным, сом мелуан 423,6-р Іэщ зыґъэкъуэхэм ядэІэпыкъуным хухахащ.

Доклад зыщІам зэрыжиІамкІэ, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэр нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъу уежьащ бюджет ахъшэр зыхухахахэм кьызэрагъэсэбэпым. Къапщтэмэ, фермер лэжьыґъэм хьихьагъащІэхэмрэ унагъуэ фермэхэр зиІэхэмрэ ящыщу субсидиехэр зратахэм хуагъэуващ абыхэм хухаха грантхэр кьызэрагъэсэбэп щыкІэм теухуа отчётхэр мазищ кьэс зэ кьатыну. Апхуэдэу КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и Жылагъуэ советым хэтхэм республикэм и жылагъуэхэм кьызэхакІуэхэм икІи грантхэр зыхухахахэм я нэхъыбэм яхуэзащ.

Зэ1ущ1эм кьрихьэлІэхэм Говоров Сергей гу лъаригъэтащ программэ зэмылІэужьыґъуэхэм республикэм и районхэр зэрыхэтыр хуабжьу зэрызэщхьщыкІым.

КъБР-м экономикэ зыужьныґъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Белецкая Ольгэ иубзыхуащ мэкъумэш хозяйствэм зеґъужьыным хуэґъэза къралым дэІэпыкъуныґъэр унэтІныґъэ пыухыкІахэм ятещІыхьауэ республикэм зэрыщытраґуашэр. Апхуэдэ унэтІныґъэхэм ящыщщ мэкъумэш продукцэ къэлэжьынырщ, рынокыр, кьуажэхэм я социальнэ инфраструктурэр.

Къралым и мылъкуэ, субсидиехэр зэщщхьэтыкІ кредиту мэкъумэш организацэхэм ІэнатІэхэм кьащґъэсэбэпамрэ абы и фІыщІэкІэ кьаІэрыхьа хьерымрэ зэпэплъыта нэужь, гурыІуэґъуэ мэхъу бюджетым кьыхэкІ субсидиехэмрэ льготэ зиІэ кредитхэмрэ зэґъэзэхуауэ кьызэрамыґъэсэбэпыр.

Апхуэдэу щыт пэтми, къэґъэлъэґуапхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и агропромышленнэ комплексым щыкІалэжь продукцэм хэхъуэ зэпыту зэрекІуэкІыр. Къапщтэмэ, 2015 гъэм ди мэкъумэшыщІэхэм кьалэжьа продукцэр 2005 гъэм елъытауэ хуэдэ 1,7-кІэ нэхъыбэщ, икІи абы и ІьэныкъуэкІэ республикэм и зыужьныґъэр зэрыщыту Урысей Федерацэм елъытауэ куэдкІэ нэхъ псынщІэу йоКІуэкІ. Республикэм и агропромышленнэ комплексым 2006 гъэм иІа щытыкІэр 2015 гъэм и кІэухым еплъытмэ, нэрыльагґуу къыпщохьу мы ІэнатІэм технологие зыужьныґъэхэу зэрыщыІэр. А зэманым къиґубыдэу мэкъумэш техникэщІэу куэд кьащхьэхуащ, иджырей зэманым кьиґъэувкэм езэґъэуу.

Апхуэдэу мэкъумэш продукцэм и зэхэтыкІэрэ ефІэкІуэщ икІи абыкІэ нэхъыбэу сэбэп хуэар инвестицэ проект инхэр зэрагъэзащІарщ. Мэкъумэш продукцэм и куэдагъэм кьыдэкІуэу иджыпсту гупылъгэ хэха хуащІ абы и фІагъэр кьэІэтынмэ.

КъБР-м и Къэзыпщытэ-къэзыбжь палатэм и аудитор Хьэщіэлэ Славэ зэІущІэм кьрихьэлІаХэр щыґъуаз ищІащ. мэкъумэш продукцэр къэзылэжьхэм ядэІэпыкъуным хуэґъэзауэ къралым кьиуТІыпщ ахъшэр тэмэму къэґъэсэбэпым теухуауэ ирагъэкІуэкІа къэпщытэныґъэхэм къариклуэхэм икІи абы и ІьэныкъуэкІэ щыІэ мыхъумыщІагъэхэм я гґуу ищІащ.

Урысейм Налогхэмкіэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщым и кьуэдз Будаев Расул и информацэм кьыІэрыхэщамкІэ, 2015 гъэм КъБР-м и бюджет зэґуэтым кьыІэрыхьэ ахъшэр сом мелуан 21,9-кІэ нэхъыбэ хъуащ, абы хиубыдэу мэкъумэш налог зэґуэту сом мелуани 7,3-кІэ, жылагъуэхэм кьыщыхах налог ахъшэр сом мелуани 4,2-кІэ нэхъыбэ хъуащ.

Зэ1ущ1эм кьыщаІэта Іэхуэхэм зэрепІыр кьыІэзхуэсахэм я пащхьэ щыжаІащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Нэхущ Заурбий, КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ аграрнэ университетым и профессор, мэкъумэш щІэныґъэхэм я доктор Къагъыржмэс Црай, КъБР-м и Мэкъумэшыщ1э (фермер) хозяйствэхэмрэ мэкъумэш кооперативхэмрэ я ассоциацэм и советым и тхьэмадэ Гуэбзыщікі Жантемыр сыжэ.

Зэ1ущ1эм щыжаІащ мэкъумэш Іэнатіэм кьэралыр зэрыдэІэпыкъу ахъшэр кьыІэрагъэсэбэпым фейдэуэ кьрикІуэн хуейр зыхуэдизыр кьэзыґъэлъаґъуэ пщалъэхэр зэхэлъхьэным щІэныґъэр зэремыґуґуар. Абы папщІэ федеральнэ, щыналъэ бюджетхэм кьыхэкІыу агропромышленнэ комплексым зэрыдэІэпыкъуну ахъшэр зыхуэдизыр щаубыдыкъуІ абы кьыпэкІуэнэр кьалъытэркъым. Отчётхэми зэи щыґъуґъэтынукъым республикэм и районхэмрэ хозяйствэ щхьэхуэхэмрэ ахъшэр зэґъэзэхуауэ кьызэрагъэсэбэпым икІи абы кьыпэкІуэу кьалэжьыр зыхуэдизым теухуа бжьыґэхэр.

Ауэ, ипэжыпІэкІэ кьапщтэмэ, кьыбґурыІуэну гуґуэкъым хозяйствэ, район щхьэхуэхэм субсидиехэр кьызэрагъэсэбэпым кьыпэкІуэу кьаІэрыхьа фейдэр егъэлеяуэ зэрызэщхьэщыкІыр. Псалъэм папщІэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Бердюжэ Владимир езыр зи пашэ «Ленинцы» мэкъумэш кооперативым и лэжьэкІэм щытепсэлъыхьым кьиґъэльэґуащ а хозяйствэм 2015 гъэм япэ дыдэу сом мелуан 16 субсидиеу кьыхуаутІыпщауэ зэрыщытам. ЦІыху 400-м щиґъу щылажьэ икІи республикэ псом я дежкІэ щапхъэу щыт мы хозяйствэм я ахъшэр тэмэму кьызэрагъэсэбэпам щыхьэт тохъуэ мыпхуэдэ бжьыґэхэр. Илъэс кІуам кьриубыдэу кооперативым сом мелуан 300 и уасэ продукцэ ищащ икІи бюждетым и Іэнатіэ псоми налог ахъшэу сом мелуан 31-рэ хилъхьащ. Іэнатіэм трагъэкІуэда дэтхэнэ сом минми кьыпэкІуэу фейдэуэ процент 37-рэ кьыпах. Продукцэм и пІэужьыґуэхэри и куэдагъри гъэ кьэс нэхъыбэ хъуэ зэпытщ.

Нэґъабэ мы хозяйствэм гъавэу тонн мин 12, кьыпІуэу тонн 675-рэ, мыІэрысэу тонн 900, хадзэкІыу тонн 500 кьыщрахьэлІэжащ. Иджыпсту абы жыґ хадзу гектар 96-рэ иІэщ.

Лэжьэнкlи псэункlи хуэмыху къытхэткъым 70

Шыгъушэ Хьэбас

Къызыхэкlа лъэпкъым хуэфащэ, къызыдэкlа жылэр зэрыгушхуэ, тхакlуэ, усакlуэ, «РСФСР-м цыхубэм щlэныгьэ егъэгъуэтынымкlэ и отличник», «СССР-м щlэныгьэ Іуэхуэмкlэ и отличник», «Урысейм и егъэджакlуэ нэхъыфl» щlэ лъапlэхэр зыфlаща Шыгъушэ Хьэбас и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 70 ирикъуащ.

ШЫГЪУШЭМ и гъащlэ гъэгуанэм урилъэжмэ, тыншу щытаюу пхужьы Іэнчыкым. Хьэбас и адэ Мэнрэйилрэ и анэ Гъащэнащхьуэрэ бынибгъу зэдапlащ, ирагъэджащ, Іэщlагъэ зырызи иратащ. Мэчрэйил Хэку зауэшхуэм и пэм къыщыщlэдзауэ и кlэм нэс хэтащ, шыни къикlуэти имыщlэу Берлин нэсри, Текlуэныгьэм абдеж щыlущlащ.

Хьэбас 1946 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м кьалъхуащ, и сабиигъэр зауэ нэужь зэман хьэлъэм хиубыдащ. Щlалэ цыкlур нэхъ къэжэпхъа нэужь, Іэпыдзлъэпыдз хъум имызакъуэу,кьалэн пыухыкlахэри и пщэ къыдэхуэу хуожьэ - гьэмахуэ зыгьэпсэхуГъуэхэм колхозым щыlалжьэрт, и адэм и гъусэу Къущхьэхъу здиштэр. Гъукlэу, Іэхъуэу, вакlуэу губгъуэм итащ, пхъэ пиупщlу мэзым щlэтащ. Езым зэрыжиlэжымкlэ, а зэманым хьэблэм дэс нэхъыжьыфlхэм кьалъэтэж хъыбарыжьхэм, таурыхъэхэм ятхьэкъурт, нэху щамэ, жэщыр къыхуэмыгъэсу гъпльэрт. Гурыlуэгьэрт сабийм и гур хуэмурэ щlэныгьэм зэрыхуэгъуэшр.

Унагъуэм щlэсхэр зэрахуэзфlэкlкlэ зым адрейм зыщlагъакъуэу, зэдэзlпыкъуу зэдэпсэуащ. Зэрыбыним Хьэсэнбий яхэтыжкъым, адрейхэр зэрылъытэу, зэхуэгумащlэу ноби зэдопсэу, я адэ-анэм яхуэфащэу, абыхэм я фэеплъыр яхъулъэу.

Курыт адежапlэм щыщlэса илъэсхэм Хьэбас гурыхуэу, набдзэгубдзаплъэу щытащ. Ар дихьэхырт адыгэбзэм, литературэм, абы къыщымынэу фиизкэми фlыуэ хэзагъэрт.

Еджапlэр къыуха нэужь, Хьэбас дзэм ираджэри, илъэсищкlэ къулыкъу щищlащ. Щlэныгьэ нэхъыщlхьэ зэзыхьгъэуэтыну щlэхъуэпсе щlалэщlэр дзэм кьыззэрикlыжу КъБКъУ-м и филологие къудамэм щlэтlысхьэри, ар хъарзынэу къыуохащ. Школ университетми щыщlэса илъэсхэм щапхъэ зытрах, жьлэм фlые и лъэныкъуэкlэ зи цlэ къраlуэ еджаръшхуэхэм, тхакlуэхэм, усакlуэхэм ярихьэлlащ Шыгъушэр. Зыдэпlъеин зыгъуэта щlалэм и гупсысэкlэми, и дуней епльыкlэми заужьныкlэ ахэр щхьэпэ къаззэрыхуэхъуам шэч хэлъхъым.

Шыгъушэр къэзыщlыхуэхэм ар егъэджакlуэ Іумахуэу кьалъытэ. Лъэпкъ тхыдэм, щlэблэм я гъэсэныгьэм, хабзэм ехьэлlауэ лэжьыгьэ купщlафlэхэр зи Іэдакъэм кьыщlэкlа, си лъэпкъэгъуэхэм сыткlэ сахуэщхьэпэн жиlэу дунейм тет Шыгъушэ Хьэбас нэгъуэщlуи уеджэфынукъым. Зеикъуэ дэт 3-нэ курыт школыщ Хьэбас лажьэн щыщlидзар, нобэр къыздэсми, илъэс 45-рэ хьуауэ, егъэджакlуэ Іэщlагъэм гурэ псэкlэ бгъэдэту абы щолажьэ. Кьуажэдэс еджакlуэхэм я акъылым зиузэщlын, я щlэныгьэм хагъэхъуэн папщlэ Шыгъушэм хуэзфlэкl кlыгьанэзкъым. «Сэ Іуэху сиlэщ, сеззашащ, сыхущlыхьэнукъым», - жиlэу зэи зэхэпхынукъым Хьэбас. Еджакlуэхэм еущиеу, я ныбжьэгъу пэжым хуэдэу ябгъэдэтщ ар.

Шыгъушэм къызэриlыытэмкlэ, гъэсэныгьэмрэ егъэджэныгьэмрэ зэгуэх имыlэу зэпхащ. Абы къыхэкlкlэ Хьэбас еджапlэм къыщыззэригъэпэщри илъэс куэдкlэ ядэлэжьащ литературэмрэ щалъхуа лъэхэмрэ фlыуэ зыльгъуэ ныбжьыщlэхэм я гуп, Іуэрыlуатэр зэхуэхьсэным, тхыдэр джыным, усэным гу хуэзыщlа цыкlуэхэр я бзэм, я хабзэм, кьыщlалъхуа щlынальэм и тхыдэм нэхъыфlу щигъэгъозэнкъым хуэгъэпсауэ. Абы и гупым гуащэ театри яlэу спектаклхэр зрагъэувыт, таурыхъэм щыщ теплъэгъуэ цыкlуэхэм пьесэ къытращыкlырти, еджапlэм ныбжьыщlэ цыкlуэхэм щиргъэгъэлъагъуэрт. Адэ-анэхэм а зэlущlэхэм зыкъраГъэзэхьлlэрт, я бынхэм яlэ хъуа зэфlэкlкlэм кlэлъыгъэплъэрт, итъэгуфlэхэрт. Гупым хэтхэм район, кьалэ, республикэ утыкуэхэм мызэ-мытlэу зыкъыщагъэзлъэгъуауэ, зэпеуэхэм пашэныгьэхэр кьыщахьащ.

Шыгъушэм и нэlэ зытригъэт сабийхэм нэгъуэщlэ лэжьыгьэ куэди я пщэм дэлът. Аха яlущlэрт къуажэдэс нэхъыжьхэм, абыхэм кьалъэтэжхэр ятхьэкъурт. Хьыбархэр зэхуэхьэсыж къудейм кьыщыныгъуэ, еджакlуэхэм кьрахьэлlэу щlадзащ щхьщlатlыкlыжа пасэрей Іэщlэхэр, Іэмэпсымэхэр, хьэкъущыкъуэхэр, ахъшэжьхэр. Ауэрэ еджапlэм кьыщlынэхуащ, ди адэжьхэм зэрахьэу щыта хьэпшыпхэр щызэхуахьэс пlланэпэ щхьэхуэ, ар иджыпсту школ музей хъуащ. Хьэбас иунэтlэ гупым еджапlэм куэдрэ ирегъэблагъэ ди тхакlуэхэр, усакlуэхэр, уэрэдус-макъамэтхэр. Апхуэдизэ лэжьыгьэ къуажэм щызыгъэбэта гъэсакlуэм зы цlыхухъым-цlыхуитlкъым гъэугу зазуэ тригъэувар.

Къарурэ зэманышхуэрэ трегъэкlуадэ абы classщlыб лэжьыгьэхэм. Хьэбас куэдрэ жеlэ: «Дэтхэнэ зы лъэпкъми и бзэмрэ и тхыдэмрэ, и литературэмрэ гъуэзджэмрэ мыхьэнэшхуэ яlэщ щlэблэр цlыхугъэ яхэлъу, зыпэрыт Іуэхум гурэ псэкlэ хуэпэжу, Хэку фlыуэ яlыгъуу, пльэпкъэм я зэшкъэзыгъуэр нэхъри быдэ хъуным хущlэкъуу гъэса хъунымкlэ. А Іуэхугъэхэр гъэзэщlэнымкlэ сэбэп ин мэхъу еджапlэхэм урок нэужьхэм щрагъэкlуэкl лэжьыгьэхэр...». Абыкlэ къэlуэта мэхъу а цlыху Іущым гъэсэныгьэ и лъэныкъуэкlэ иригъэкlуэкl лэжьыгьэхэм я мыхьэнэ нэхъыщlхьэр. Щlалэгъуалэм адыгагъэр зищlысыр зыкъегъэщlэным, ар яхэлъхьэм теухуауэ екlуэкl сыт хуэдэ зэlущlэм жыджэру хэтщ Шыгъушэр.

Бзэр, хабзэр, тхыдэм теухуауэ дерс купщlафlэ куэд ирегъэкlуэкl Хьэбас. Адыгэбзэм и алфавитым хэлъ ныкъусаныгьэхэм, бзар хъумэным теухуауэ щlэ хэкlыпlэхэм, ди щlыпlэ дахэхэм, мамырыгьэм, гъэсэныгьэм, нэгъуэщlхэми ятеуха и статиа щхьэпэхэр район, республикэ газетхэм щlэх-щlэхьыурэ къытохуэ.

Шыгъушэм егъэджэныгьэм теуха докладхэр еджапlэ, район, республикэ конференцхэм, семинархэм, КъБКъУ-м щрагъэкlуэкl зэlущlэхэм я утыку кърехьэ. Абы зэкlилъхьауэ щытащ олимпиадэхэр зэрыграгъэкlуэкlыну, экзаменхэр зэратыну тест лэжьыгьэхэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Шыгъушэм и лэжьыгьэм кlэлъыплъ район, республикэ методистхэри, и лэжьэгъуэхэри, къъзыщlыхуэхэри, иригъэджахэри абы и жэрдэмхэм фlыкlэ хэзэрыпэджажьыр. «Баксанский вестник» газетым и корреспондент Лещенкэ Александрэ етх мыпхуэдэу: «Хьэбас и дерсхэр гъащlэгъуэну икlи щlэщlыгъуэу зэхэхуэнащ. Жьэрыlуатэуи, щхьэзакъуэ лэжьыгьэуи, зэпеуэхэри, къэхутэныгьэ лэжьыгьэ кьэлэмэхэри зыщlэщlыбыдащу зэрыригъэкlуэкlыр плъагъуну куэд и уасэщ». Бахъсэн районым адыгэбзэмкlэ и методист нэхъыщlхьэр я пашэу ягъэхьэзыра тхыгъэм дыщщхуозэ мыпхуэдэу: «Щlэблэр иуэщlын, хабзэщlэхъуу псэуным яужь сиащ, Си гъащlэм сыщlрипльэжкlэ, си лэжьыгьэм кьыпэкlуа фlыгъуэм гукъыдэжьшхуэ кьызет. Ар езгъэджахэм ящыщ куэдым си Іащlагъэр кьыззрыхахьжарщ, цыхуу цlэрыlуэ кьэзэрыхэкlарщ. Абыхэм си цlэр я псальэмакъхэм, я тхыгъэхэм кьыщыкlагъэщым и деж гуапэ дыдэ щlоуэ, дамэ кьыстрегъакlэ.

Зы махуи сигу ихуауэ ныкъусаныгьэ ди адэ-анэр, си анэкъилъхуэкэр. Увыпlэшхуэ си гъащlэм щеубыд си унагъуэмэ - сыт хуэдэ Іуэху езгъажьэми, кьызыдаlыгъ абы исхэм.

- Уэ адыгэбзэмкlэ егъэджакlуэу уолажьэ. Егъэджэныгьэ лэжьыгьэм сыт хуэдэ щыщlэныгьэхэр хэплъагъуэрэ? Сыт нэхъ зытекъуэжьи хуейр; гъэсэныгьэра хьэмэ егъэджэныгьэра?

- Гъэсэныгьэмрэ егъэджэныгьэмрэ зэгуэх ямыlэу зэпхащ. Егъэджакlуэхэм я кьалэнщ сабийхэм щlэныгьэ иратым и мызакъуэу, абыхэм гъэсэныгьэ лэжьыгьэхэри егъэпсыхьауэ щlэблэр дгъасэрт. Адыгэ литературэр щапхъэ тlыкlыуэ щlэблэр дгъасэрт. Иджы компьютерым и Іэмалхэр нэхъыбэ мэхъу, литературэр и тегъэщlапlэу едгъэкlуэкl дерсхэр нэхъ мащlэ мэхъу. Дызэреджэ тхыльхэр ипэкlуэкlэ нэхъ щlэх-щlэхьыпэ кьыдагъэкlыр, зэманым кьрагъэззгъэныр. ЕГЭ, ОГЭ жьыхуэтlэхэм ди бзэм и пщlэр нэхъ лъахъшэ ящl. Ауэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, адыгэбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэфlхэр диlэщ икlи абыхэм я лэжьыгьэм куэд елъытащ, бзэр ефlэкlуэныжьмкlэ, зэманым дерсхэм дегъэхьахьынмкlэ. Кьрагъэззгъэныр. ЕГЭ, ОГЭ жьыхуэтlэхэм ди бзэм и пщlэр нэхъ лъахъшэ ящl. Ауэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, адыгэбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэфlхэр диlэщ икlи абыхэм я лэжьыгьэм куэд елъытащ, бзэр ефlэкlуэныжьмкlэ, зэманым дерсхэм дегъэхьахьынмкlэ. Ауэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, адыгэбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэфlхэр диlэщ икlи абыхэм я лэжьыгьэм куэд елъытащ, бзэр ефlэкlуэныжьмкlэ, зэманым дерсхэм дегъэхьахьынмкlэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Анахаев Мэтджэрий и псалъэ.

Тхыдэм ухэзышэ сурэтхэр

Сурэтыщ1 гъуэзджэхэмк1э музейм, Ткаченкэ Андрей и ц1эр зезыхьэм, ялэу щагъэлъагъуэ балъкъэр сурэтыщ1 Анахаев Мэтджэрий и лэжьыгъэхэр. «Пэсэухэм - мамыры-гъэрэ гуфI эгъуэрэ» выставкэр къыззрагъэпэщащ Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжьныгъэм и махуэм и щIыхьк1э.

ГЪУАЗДЖЭР гук1и псэк1и ф1ыуэ зылъагъуэхэм дэтхэнэ сурэт гъэлъэгъуэныгъэри дахагъэм и махуэш-хуэу къальытэ. Мы зэхьхьэри апхуэдэ хъуат. Хуабагъ, гуапагъ къызыпкъырык1, гупсысэ кук1э, и хэкум, абы и ц1ыхуэхэм яхуит1э л1агъуныгъэмк1э гъэнщIа лэжьыгъэ щхъуэк1эпл1ыкI1эхэм щIыпхышат сурэтыщIым и лъэпкъым и щхьэм кърик1уа гузэвэгъуэр, иджыри мык1ыжауэ балъкъэрэм я гум тельуI эгъэхэр. Дэтхэнэми щIэблэр хэбг1эгъуэзэну уасэнщIэ, щIэщIыгъуэщ, тхыдэм урагъэлъэж.

КъБР-м щэнхабзэмк1э и министр **Къумахуэ Мухьэдин** и псалъэм къыхигъэщащ зи сурэтхэр ялэу утыку къизыльэ Анахаев Мэтджэрий зрагъэщ1ыхуну, балъкъэр лъэпкъым и тхыдэм и напэк1уэц1 «ф1ыц1эхэр» къызыхэщ и лэжьыгъэхэм еплъыну выставкэм кърихьэл1эхэм Iэмалыф1 зэрал1ар. Министрыр Анахаевым ехъуэхъащ, гъуазджэм ехъулI эныгъэ щиIэну, дяпэк1и и зэф1эк1эхэр къигъэлъэгъуэну, еф1эк1уэну.

КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и унафэщ1 **Темырканъ Геннадий** и жагъуэ хъууэ къыхигъэщащ гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа лэжьыгъэ купщIафIэхэр, гъэщIэгъуэнхэр апхуэдизэ илъэс бжыгъэк1э щIыхуэм я пащхьэ къызэрырамылъхьар, дяпэк1э ищIыну сурэтхэм республикэм исхэр еплъыну Iэмал яIэну зэрыщIыгубыр. Ар Анахаев Мэтджэрий ехъуэхъуащ и мурадхэр къехъулIэну, гъуазджэм и лъагапIэхэм нэсыну.

Сурэтыщ1 гъуазджэхэмк1э музейм и фондым и хъумак1уэ нэхъыщхьэ, ц1ыхубэ Iэпщ1элъапщ1э **Мокаев Владимир** жиIащ и лъэпкъэгъу художникыр зригъэщ1ыхуну и насып кыIэзэрырихьэк1ар гуапэ зэрыщ1ыхьар, абы и Iэдакъэ къыщ1эк1ахэр балъкъэрхэм я тхыдэм зэрыпыщ1ар, лэжьыгъэхэм гулъытэ зэрахуэфащэр.

Анахаев Т1эхьир я лъэпкъым и ц1эк1э къэпсэльащ, выставкэр къызэзыгъэпэщащэм ф1ыщ1э яхуищ1у, балъкъэрхэм я гъащ1эр, псэук1эр, тхыдэр къыщыгъэлъэгъуа сурэтхэм я мыхьэнэр къ1ылытэу. Анахаев Мэтджэрии ф1ыщ1э яхуищ1ащ гъэлъэгъуэныгъэм къэк1уахэм, псалъэ гуапэхэр къыхужызыIахэм, и лэжьыгъэхэр зигу дихьахэм.

Гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIащ сурэтыщ1ым и благъэхэр, Iыхьлыхэр, выставкэр къызэгъэпэщыным зи къару куэд езыхьэл1а псапащ1э, гъуазджэ хьэпшыпхэр зэхуэзыхьэс **Хаджиев Даниил**, Анахаев Мэтджэрий и лэжьыгъэхэр зигу дихьахэр.

ТЕК1УЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIахэр.

● Архыз

Сабийхэри балигъхэри ягъэгуфIэу

«Архыз» турист-рекреац1э комплексым иджыблагъэ щрагъэк1уэк1ащ ц1ык1ухэмрэ балигъхэмрэ папщ1э къызэрагъэпэща, «Унагъуэм и махуэ» зыф1ащэ нэгузыужь-тезыгъэу Iуэхугъуэхэр.

МАХУИТIК1Э курортым щыхьэщ1ахэр, зи гъащ1эр ныбжьэгъуэм, спортым, бгъэхэм пызыщ1ану хуейхэр зэдыхэтащ зэхэщак1уэхэм зэхаубла гушыI1э зэпеуэхэм, джэгук1э удэзыхьэхэм, гуп щхьэхуэхэр щызэрихьэл1а зэхьэзэхуэхэм, нэгъуэщ1хэми.

Пщэдджыжьым, нэгузыужь программэм ипэ къихуэу, «Архыз» курортым къек1уэлIахэм я Iэпкъ-лъэпкъым зрагъэкъуэдияц. А Iуэхугъуэр иригъэк1уэк1ащ зыгъэпсэхуIэм физкультурэмк1э и гъэсак1уэм.

Иужьк1э джэгук1эхэр яублащ. «Мамэ, папэ, сэ» зэпеуэм адэ-анэ нэхъыф1у к1ал ъытахэр къыщыхахащ, «Си Iэхэмк1э зэзгъэпэщыжащ» зэхьэзэхуэри нэгузыужьу ек1уэк1ащ. Курортым и хьэщ1э нэхъыщ1эхэм я нэгу зрагъэужьащ мультфильмхэм хэт «Л1ыхъужь» нэжэгужэхэм зыпащ1ыжу утыкум щыджэгуа артистхэм. Сабийхэм ящ1а сурэтхэмк1э зэхагъэува, «Си унагъуэ» гъэлъэгъуэныгъэри псоми гъэщ1эгъуэн ящ1ыхъащ.

Гуп зэпеуэхэм къыщыкэжаныкIахэм медалхэр, щ1ыхь тхыл1хэр хуагъэфэщащ, «Унагъуэ нэхъ зэкъуэт», «Унагъуэ нэхъ ерыщ», «Унагъуэ нэхъ жыдкэр» саугъэтхэр иратащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Щ1ыуэпс

Дунейгъэдахэ

Ди республикэм и мэзгъэф1эным (заповедникым) къуалэбзуэм я дунейпсо махуэр щагъэлъэпIащ.

ДЫКъЭЭЗЫУХЪУРЕИХЬ дунейр хьумэным, дэтхэнэ зы псэущхьэми гулъытэ хуэщ1ыным теухуауэ гъэкъэс къызэрагъэпэщ1 мы Iуэхум къыхыхьащ КъБР-м и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ.

Мы Iуэхум епхауэ ирагъэк1уэк1а зэхьэзэхуэхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм, дерсхэм щ1ыуэпсымрэ Кавказым узыщ1рихьэл1э къуалэбзу л1эужьыгъуэхэмрэ ятеухуауэ зэф1эк1 хъарзынэ щагъэлъэгъуащ Лэскэн, Щ1эджэм, Щэрэдж щ1ыналъхэхэм къик1а еджак1уэхэм.

Сабийхэм зыщрагъэпл1ыхьащ пархэм, жыг хадэхэм, щ1ыуэпсым теухуауэ л1эжьыгъэщхэу щащ1э школ пщ1антIэхэм. Ц1ык1ухэм я Iэк1э ягъэхьэзыра бзу абгъуэхэр жыгхэм ф1адзащ. Иужьк1э ахэр зэпеуащ ди щ1ынальэр зи макъ жьгъ1ырухэмк1э зыгъэдахэ бзу ц1ык1ухэм ятеухуауэ л1эпкъ зэхуэмыдэхэм къадек1уэк1 къуажэхьэр къэщ1эныкIэ, уэсэхэм къеджащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Хъыбарегъащ1э

Инджылызыбзэр зэвгъэщIэну фыхуеймэ

Инджылызыбзэр зэвгъэщIэну фыхуеймэ США-м къик1ыжа егъэджак1уэм адыгэбзэ къызыгурыIуэ ныбжьыщIэхэм (илъэси 8 - 14 хъуэм) инджылызыбзэр яригъэщIэнущ. А бзэр нэхъ кууэу зыджыну, абы к1э яIэ щIэныгъэм хэзыгъэхъуэну хуей студентхэми хьэрыт1ыщIэхэми ядэлэжьэнущ илъэс 30-к1э егъэджак1уэу щыта а Iэщ1агъэл1ыр. Дерсхэр ек1уэк1ынущ блыщхьэ, бэрэжьей, мэрем махуэхэм.

УпщIэ фиIэмэ, фыпсалъэ хъунущ 8-928-708-57-97 телефоным.

● Шыгъажэ

Доллар мелуани 100 къехь

Сэкрэкым и шы заводым шыгъажэм дихьэххэр тек1уэныгъэк1э аргуэру игъэгуфIащ. Хьэрыпэ Эмират Зэгуэтхэм щыIэ «Meydan» ипподром ц1эрыIуэм щек1уэк1а зэхьэзэхуэм къыщыхьэдэжахэр лъэпкъыш нэхъ къабзэхэрт.

ГЪАТХЭПЭМ и 26-м ек1уэк1а шыгъажэр мыльку нэхъыбэ дыдэр зыхухах зэпеуэхэм ящыщт. Dubai World Cup Night-м и саугъэт фондыр нэблагъэрт доллар мелуан 30-м. Ялэ махуэм шыгъажэу 9 щ1ыIащ. Абыхэм ящыщу 3-м къыщыжаш Урысейм шы гъэхъунымк1э щыгнэхъ лъэрызехьэхэм яйхэр. Ялэ къэжэгъуэм и ет1уанэ гуп Godolphin Mile-м хэт, Сэкрэк Заур иш «Грандбриз» саугъэтыр къззыхьа Кул Ковбой псори тек1уэныгъэк1э щыгугъырт. Илъэситху хъу хак1уэм Дубайм и саугъэт нэхъыщхьит1ыр нэхъапэм къ1ухьак1эт. Нэрылъагъут мызыгъуэгуми ар къ1ыззримык1уэтынур. Ауэ уэзрыгугъэм хуэдэу хъурэ? Бенд Уан Мен и Пивотал-Мьюзиканнэ шыр нэхъ лъэрызехьэу къыщ1эк1ащ. Абы и тренер Уотсон Дуг джек-потыр ихьащ. Ет1уанэ увыпIэр къ1эзыхьар Фолькнерщ. Ещанэ хъуащ зы шыпэ зыкъуэк1э къыкIэрыхуа Кул Ковбой. Абы къыхуагъэфэщащ доллар мини 100-м нэблагъэ.

НАФIЭДЗ Мухьэмэд.

ЗэпэщIэтыныгъэм къыпащэ

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э 2016 гъэм и чемпионатым щ1идзащ. Ялэ джэгугъуитIым къарик1уахэм къызэригъэлъэгъуамк1э, абы щызэхьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэу щытынущ нэгъабэ дыщэ медалхэр къэзыхьа «Къэхъунымрэ» дыжьынымрэ республикэм и кубок1мрэ зыIэрыгъэхьа Бахъсэн и «Автозапчасть»-мрэ.

КъБР-м и чемпионхэм пэщ1эдзэ джэгугъуитIыр хамэ стадионхэм щрагъэк1уэк1ащ. Абы щхьэк1э къэмынэу, «Къэхъуныум» тек1уэныгъэхэр зыIэригъэхьащ. Псом хуэмыдэу удэзыхьэх хъун хуейт 2014 гъэм республикэм щ1ынэхъ лъэщ1а «Кэнжэмрэ» къык1элъык1уэ илъэсым дыщэхэр къэзыхьа къэхъундзэхэмрэ я зэIущ1эр. Арщхьэк1э джэгум зэпэщ1этыныгъэ гуэр щыщыIауэ гхужьк1энукъым. Командзэхэр Кэнжэ къужэм щыджэгуа пэтми, иджырей чемпионыр бжыгъэшхуэк1э тек1уащ.

Мурад инхэр зэриIэр ибзыщ1ыркъым «Автозапчасть»-м. Пэщ1эдзэ джэгугъуитIри абы бжыгъэ зэщхьк1э, 3:0-у, к1ихьащ. Пэжщ, ахэр щек1уэк1ар Бахъсэнщ ик1и нэгъуэщ1 щ1ыпIэхэм ар нэхъ къыщыхагъэзыхьыну къыщ1эк1ынущ.

«Къэхъунымрэ» «Автозапчасть»-мрэ я зэныкъуэкъуныгъэм хьихьэну хуэбгъэфащэ хъунущ «Союз-Сэрмакъ» командзэр. Ар «Велес»-мрэ «Тэрчымрэ» ефIэк1ащ.

Пльэщу къыщ1идзащ Нарткъалэ и «Нартми». Абыи ялэ джэгугъуитIым очкоих щызыIэригъэхьащ.

Гуп нэхъыщхьэм мы гъэм къыхьихьа «Iэдиихум» «ХьэтIохъущыкъуейм», «ГорИС-179-Кавказкабель»-м зэхьэзэхуэр зэхуэмыдэу къыщ1адзащ. Прохладнэдэсхэм тIури ф1эхьамэ, адрейхэм я очко бжыгъэм хагъэхъуащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщ1ынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э и гуп нэхъыщхьэм щызэхэта пащ1эдзэ зэIущ1эхэм къарик1уа бжыгъэхэм. Мис ахэр: ялэ джэгугъуэм - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Родник**» (ПСынэдахэ) - **2:1**, «**Горис-179-Кавказкабель**» (Прохладнэ) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **1:2**, «**Велес**» (Къэрэгъэш) - «**Союз-Сэрмакъ**» (Налшык) - **4:5**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **3:0**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**Къэхъун**» (Къэхъун) - **1:2**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - **2:1**, «**Iэдиихуу**» (Iэдиихуу) - «**Спартак-Налшык-Д**» (Налшык) - **1:1**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - **2:1**; етIуанэ джэгугъуэ з - «**Автозапчасть**» - «**Велес**» - **3:0**, «**Родник**» - «**Iэдиихуу**» - **1:2**, «**Спартак-Налшык-Д**» - «**Псыгуэнсу**» - **1:1**, «**Кэнжэ**» - «**Къэхъун**» - **1:4**, «**Союз-Сэрмакъ**» - «**Тэрч**» - **3:0**, «**ХьэтIохъущыкъуей**» - «**Горис-179-Кавказкабель**» - **1:0**, «**ЛогоВАЗ**» - «**Нарт**» - **2:4**, «**Бедик**» - «**Бахъсэн**» - **3:0**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э и гуп нэхъыщхьэм 2015 гъэм щек1уэк1а зэхьэзэхуэм кърик1уар

Командзэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	2	2	0	0	6-0	6
2. «Союз-Сэрмакъ»	2	2	0	0	8-4	6
3. «Къэхъун»	2	2	0	0	6-2	6
4. «Нарт»	2	2	0	0	6-3	6
5. «Iэдиихуу»	2	1	1	0	3-2	4
6. «Псыгуэнсу»	2	1	1	0	3-2	4
7. «Тэрч»	2	1	0	1	2-4	3
8. «Бедик»	2	1	0	1	4-2	3
9. «ЛогоВАЗ»	2	1	0	1	4-5	3
10. «ХьэтIохъущыкъуей»	2	1	0	1	2-2	3
11. «Спартак-Налшык-Д»	2	0	2	0	2-2	2
12. «Родник»	2	0	0	2	2-4	0
13. «Горис-179-Кавказкабель»	2	0	0	2	1-3	0
14. «Велес»	2	0	0	2	4-8	0
15. «Бахъсэн»	2	0	0	2	1-5	0
16. «Кэнжэ»	2	0	0	2	1-7	0

Хъыбар гуэр фщIэмэ!

Мы гъэм щIыщылэм и 10-м сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 50-м Налшык къалэ и «Дубки» хьэлIам, Щоджэным и уэрамым метр 1500-кIэ пэзыIэу, гъуэгубгъуэм къыщагъуэтащ фэбжь куэд зытелъ цIыхубзым и хьэдэр.

Бзаджащ1эхэм а щIыпIэр ябгынащ О 953 ЕВ 07 къэрал номерыр зытелъ «Киа Сид» автомашинэ хужьымкIэ. ИужькIэ машинэр къагъуэтащ Налшык къалэ Мэзлом и уэрамым хуэзэ кхъэм и дежь къыщ1анауэ.

Шэч зыхуащ1ытIым я сурэт роботхэр ягъэхъзыращ зыльэгъуаэхэм жаIам тещIыхьауэ.

Ялэр: илъэс 28-35-рэ ныбжьым ит цIыхухъу, зэIэщ1эльщ, см 65-175-рэ и лъагагъщ, жькIэ ф1ыцIэ к1эщ1 тетщ, нэкIу къуэгъущ, и щхьэцыр ф1ыцIэщ.

Щыгъар: фэ курткэ ф1ыцIэ, и бгым мащIэу къыс1ыкIыну, джинс гъуэншэдж щIыху, туфлъэ ф1ыцIэ.

И Iэпхъуамбзэкак1э ижьым дыжьын Iэпъын хъуреишхуэ ильщ.

ЕтIуанэрэ илъэс 28-35-рэ зи ныбжь цIыхухъу зэIэщ1эльщ, см 185-рэ и лъагагъщ, нэкIу хъурейщ, бейсболкэ ф1ыцIэ зыгъэр тетхауэ щхьэрыгъщ.

Щыгъар: щэкIым къыхэщIыкIа бэлъто джэдгыныф1э, и лъэгуажьэм техьэу, джинс гъуэншэдж щIыху, кроссовкэ ф1ыцIэ.

Шэч зыхуащ1 ещанэр тыкуэным щIэт камерэм къридзащ.

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыIэр къывольэIу къэхъуам, шэч зыхуащ1хэм ятеухуа хъыбар гуэр зыщIэ щыIэмэ, мы телефонхэмкIэ фыпсэлъэну: Налшык (8-866-2) 49-43-03, 42-20-28, 02, 8-999-491-94-39, е полицэм и къудамэ нэхъ гъунэгъуэм хъыбар евгъэщIэну.

Къэрал к1уэц1 Iуэхухэмк1э министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

Хьэф1ыц1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эныдж Замир, Хьэжькъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратэхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэк1эмрэ редакцэмрэ я хэщ1апIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмк1э, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмк1э - 42-22-86; къуажэ гъащ1эмрэ экономикэмк1э - 42-57-59; щэнхабзэмк1э - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэнымк1э - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмк1э, спортымрэ письмохэмк1э - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э - 40-15-31; зэдзэк1ак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжыгъэхэм, къыщ1эта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымк1э ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъык1эр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщ1эныгъэхэмк1э и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтныныгъэр хъумэнымк1э Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышцэкI Соня**, *редактору* **ЩIхьащэмыщ1 Изэ**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 3-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дзIэныкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Маринэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзырац.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.072 ● Заказ №455